# {Xul huwal Laahu Ahadun} ak ñaari musluwaay yi boo gontee ak boo xëyee ñatti yoon, dana la fegal lépp

Jële nañu ci Abdullah Ibn Xubayb -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Génn nanu ci guddi gu bari taw te lëndëm lool, di wër Yonnente Yàlla bi ngir mu jiite nu julli, nee na: nu dab ko, mu ne ma: "waxal" te waxuma dara, mu waxaat ma: "waxal", te waxuma dara, mu ne ma: "waxal", ma ne ko: lan laay wax? Mu ne ma: "{Xul huwal Laahu Ahadun} ak ñaari musluwaay yi boo gontee ak boo xëyee ñatti yoon, dana la fegal lépp".

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak At-tirmisiy, ak An-nasaa'iy]

Sahaaba bu màgg bii di Abdullah Ibn Xubayb -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-day xibaare ne: ñoom dañoo génnoon ci guddi gu bari ab taw, te lëndëm lool,di seet Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-; ngir mu jiite leen julli, ñu gis ko, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: "waxal" maanaam mu ne ko jàngal, waaye moom jàngul dara, Yonnente bi bàmtuwaat wax ji, Abdullah ne ko: lan laay jàng yaw Yonnente Yàlla bi? Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: jàngal saaru Ixlaas {xul huwal Laahu Ahadun}, ak ñaari musluwaay yi {xul ahuusu bi rabbil falaxi}, ak {xul ahuusu bi rabbin naasi}, waxtuw ngoon, ak waxtuw suba, ñatti yoon, kon dana la wattu ci bépp ay, fegal la ci lépp lu bon.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/6082

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee